

**SESAMBUNGAN SEMANTIS PARADHIGMATIK LAN SINTAGMATIK
SAJRONE TETEMBUNGAN BAB PANDHE MINANGKA TATACARA PANGURIPANE WONG JAWA
ING KECAMATAN PURI KABUPATEN MOJOKERTO**

AROFA DEFAKI SERDAYANI

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
arofaserdayani@mhs.unesa.ac.id

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Tetembungan bab pandhe kang kalebu bidhang tatacara panguripane wong Jawa nduweni sesambungan semantis leksikal. Tetembungan kasebut kapantha dadi loro adhedhasar panggarape matrial, yaiku bab nggawe lan ndandani. Rong panthan kasebut nduweni tetembungan ngenani tatacara-tatacara kang kudu ditindakake. Tetembungan kasebut digoleki sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik. Topik iki wis tau diteliti, nanging durung jangkep anggone merang jinise. Adhedhasar bab kasebut, underane panliten iki yaiku, (1) jinise sesambungan semantis paradigmatik sajrone tetembungan bab pandhe ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto, lan (2) jinise sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto.

Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik dheskriptif kuantitatif kang asipat sinkronis. Dhatane awujud tetembungan bab pandhe kang nduweni sesambungan semantis leksikal ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto. kang diklumpukake kanthi cara wawancara lan nyemak. Dhata kasebut dijlentrehake nganggo teori fitur dhistingtif teges kanthi jlentrehan perangane teges kanggo meruhi sesambungan semantis paradigmatik lan nemtokake sesambungan sintagmatik kanthi jlentrehan struktur batin. Asil jlentrehan dhata kasebut disuguhake kanthi cara formal lan informal.

Asile panliten iki yaiku, ana 12 jinise sesambungan semantis paradigmatik sajrone tetembungan bab pandhe, yaiku hiponim panggarape matrial, hiponim tataurut, hiponim tatacara, kohiponim panggarape matrial, kohiponim tataurut, kohiponim tatacara, hipernim panggarape matrial, hipernim tataurut, hipernim tatacara, kohipernim panggarape matrial, kohipernim tataurut, lan kohipernim tatacara. Sabanjure, jinise sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe ana 5, yaiku enkapsulatif dhuwur, enkapsulatif sedhengan, lan enkapsulatif endhek, dhistributif dhuwur, lan dhistributif endhek. Adhedhasar andharan kasebut, bisa didudut yen panliten ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe iki nguatake konsep ngenani jinise sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik ing bidhang ilmu semantik lek.

Tembung wigati: tetembungan, sesambungan semantis paradigmatik, lan sesambungan semantis sintagmatik.

PURWAKA

Isine purwaka ing panliten iki ana nem perangan, ing antarane yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjer lan underane panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedhahe panliten, (5) panjlentrehe tetembungan, lan (6) watesane panliten. Andharan luwih cetha bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Landhesane Panliten

Saben perangan basa nduweni sesambungan semantis leksikal karo perangan-perangan basa liyane. Kanggo ngerteni teges sawijine perangan basa, prelu ngerteni uga perangan-perangan basa liya kang tegese sesambungan. Sesambungan kasebut bisa arupa sesambungan semantis paradigmatik lan sesambungan semantis sintagmatik kang bisa dienggo nuduhake anane tetembungan asli lan ora asli sajrone bidhang tartamtu, salah sawijine yaiku tetembungan bab pandhe kang kalebu bidhang tatacara panguripane wong Jawa.

Bidhang tatacara panguripane wong Jawa nduweni pira-pira subbidhang, ora mung bab pandhe nanging ana uga subbidhang olah tetanen, subbidhang kemas, subbidhang olah-olah, lan sapanunggal. Antarane subbidhang siji lan liyane kasebut nduweni tetembungan mligi dhewe-dhewe, senajan ana pira-pira tetembungan kang padha nanging nduweni teges kang beda. Tuladhane, sajrone bab pandhe ana tetembungan “nyepuh”, subbidhang kemas uga nduweni tetembungan kasebut. Senajan nduweni tetembungan kang padha, tegese ‘nyepuh’ sajrone bab pandhe lan kemas iku beda. ‘Nyepuh’ sajrone bab pandhe yaiku nyelupake gegaman wesi utawa waja samarine diobong lan ditipisake ing banyu kanggo namtokake landhepe gegaman kasebut. Dene sajrone bab kemas, ‘nyepuh’ yaiku nuwekake wernane emas utawa nglapisi perak supaya wernane dadi kaya emas.

Topik panliten iki wis tau ditindakake dening Safitri (2018) lan Desiani (2016). Panliten kasebut wis

dijlentrehake jinise sipat sesambungan paradigmatik lan sintagmatike tetembungan sajrone upacara pateg layon lan leksikon ing dolanan. Dene panliten ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe durung tau ditliti. Mula, panliten iki bakal nguwatake konsep ngenani jinise sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik ing elmu basa Jawa mligine bidhang semantik leksikal..

Panliten iki bakal dijlentrehake nganggo teori fitur dhistingtif teges kanthi jlentrehan perangan teges kanggo meruhi sesambungan semantis paradigmatik lan jlentrehan struktur batin kanggo meruhi sesambungan semantis sintagmatik. Dhata panliten iki arupa tetembungan bab pandhe kang kalebu bidhang tatacara panguripane wong Jawa. Panliten iki dilaksanakake ing Dhusun Brangkal Wetan, Desa Kintelan, Kecamatan Puri, Kabupaten Mojokerto amarga pandhe kang ana ing Kecamatan Puri namung ana siji. Saliyane iku, pandhe kasebut wis madeg puluhan taun lan turun temurun saka keluwargane, saengga tetembungan-tetembungane isih diugemi dening empu lan panjake. Mula, anane panliten iki kanggo inventarisasi tetembungan bab pandhe uga dadi alternasi sumber pasinaon ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe.

Punjere lan Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur punjere panliten iki yaiku sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe. Dene adhedhasar punjere panliten kasebut, underane panliten iki yaiku (1) jinise sesambungan semantis paradigmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto, lan (2) jinise sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto.

Tujuwane Panliten

Adhedhasar underane panliten kasebut, panliten iki nduweni tujuwan yaiku ngandharake lan njlentrehake jinise sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto.

Paedahe Panliten

Asile panliten iki menehi sumbangan teoretis yaiku ngrembakakake elmu basa Jawa mligine bidhang semantik ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa. Saliyane iku uga kanggo ngrembakakake tetembungan ing basa Jawa mligine bidhang leksikologi. Asile panliten iki uga menehi paedah praktis yaiku kanggo inventarisasi tetembungan bab pandhe. Saliyane iku, uga dadi alternasi sumber pasinaon ing pawiyatan luhur mligine piwulang ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatiksajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa.

Watesane Panliten

Panliten iki winates ing telung prekara, yaiku mung ngandharake sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa, hatane awujud tetembungan bab pandhe ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto, lan dhata kang wis nglumpuk dijlentrehake nganggo teori fitur dhistingtif teges kanthi jlentrehan perangan teges lan jlentrehan struktur batin.

Panjlentrehre Tetembungan

Panjlentrehre tetembunganing panliten iki ana telu, yaiku (1) tetembungan, (2) sesambungan paradigmatik, lan (3) sesambungan sintagmatik. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

- 1) Tetembungan. Tetembungan (*Term*) yaiku tembung utawa kumpulan tembung kang kanthi tliti medharake konsep, proses, kahanan, utawa sipat kang mligi sajrone bidhang tartamtu (KBBI, 2001:446).
- 2) Sesambungan Semantis Paradigmatik. Miturut Kridhalakasana (2008:172) paradigmatik yaiku sesambungan antarane perangan basa sajrone tataran tartamtu karo perangan-perangan liya sajabane tataran kasebut kang bisa diijolake.
- 3) Sesambungan Semantis Sintagmatik. Miturut Kridhalakasana (2008:223) sintagmatik yaiku sesambungan linier antarane perangan-perangan basa sajrone tataran tartamtu. Sesambungan iki diarani uga sesambungan *in praesentia*.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Perangan kang diandharake ing bab II, yaiku (1) panliten ngenani tetembungan bab pandhe lan sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik, (2) konsep-konsep ing panliten iki, lan (3) teori kanggo panliten iki. Luwih jangkepe bakal diandharake ing ngisor iki.

Panliten ngenani Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Pandhe

Panliten ngenanisesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa durung tau ditliti, nanging ana pira-pira panliten kang memper karo panliten iki. Kaya kang tau ditindakake dening Solikah ing taun 2016 ngenani sesambungan teges, kanthi irah-irahan “Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Meronimi Bab Bangsa Urip ing Tlatah Tulungagung”. Punjere panliten iki yaiku sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone meronimi bab bangsa urip. Sumber dhata kang dienggo panlitene Solikah (2016) yaiku tembung-tembung perangan awake bangsa urip kayata manungsa, kewan, lan tetuwuhan ing tlatah Tulungagung.

Panliten sabanjure yaiku panliten kanthi irah-irahan “Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung” kang ditliti dening Safitri (2018). Ancase panliten iki yaiku

ngandharake lan njlentrehake sesambungan paradigmatik lan sintagmatik tetembungan sajrone upacara pateg layon, lan dijlentrehake kanthi jlentrehan perangan teges lan jlentrehan struktur batin kanggo nemtokake sesambungan sintagmatik. Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik dheskriptif kang asipat sinkronis. Dhatane awujud tetembungan sajrone upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung.

Adhedhasar panliten-panliten ing ndhuwur, durung ana kang nлити ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa. Mula ing dipilih punjere panliten iki yaiku sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa. Anane panliten iki bisa dingerteni tetembungan bab pandhe lan bisa diweruhi jinise sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik.

Konsep-Konsep ing Panliten Iki

Konsep teoritis prelu anane kanggo nggampangake panliti nalika nлити subjek kang diteliti. Konsep-konsep kang digunakake ing panliten iki ana loro, yaiku (1) konsep ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik, lan (2) konsep ngenani tetembungan bab pandhe. Konsep-konsep kasebut bakal diandharake kanthi cetha ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik

Sadurunge ngandharake konsep ngenani sesambungan paradigmatik lan sintagmatik, luwih becik ngerteni dhisik yen perangan sajrone basa mesthi nduweni sesambungan karo perangan-perangan liyane. Miturut Sausure sajrone Oka lan Suparno (1994:74) sesambungan antarane perangan sajrone basa iku bisa disawang saka rong dimensi, yaiku dimensi *horizontal* lan dimensi *vertical*. Kanthi mangkono, ana sesambungan antarane perangan kang asipat *horizontal* lan asipat *vertical*. Rong jinis sesambungan kang diandharake Sausure kasebut yaiku sesambungan sintagmatik lan sesambungan asosiatif.

Miturut Sausure sajrone Alwasilah (1993: 80) ukara apa wae yaiku minangka sawijine rerangkene tandha-tandha, kang siji lan liyane nduweni pambeda lan saben tanda kasebut menehi arti saka makna sekabehe. Rerangkene sawijine tandha karo liyane mbentuk sesambungan sintagmatik. Alwasilah (1993:81) uga ngandharake yen saben anggotajinis tembung ana sesambugane karo anggota liyane saka kesatuwan kang padha iku diarani sesambungan paradigmatik.

Saka andharan para ahli kasebut, sesambungan antarane perangan basa adhedhasar sipate diperang dadi rong jinis, yaiku sesambungan sintagmatik lan sesambungan paradigmatik. Kanggo luwih cethane ngenani apa wae jinis lan sipate sesambungan kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Paradigmatik

Kridhalakasa (2008:172) kang ngandharake yen paradigmatik yaiku sesambungan antarane perangan basa sajrone tataran tartamtu karo perangan-perangan liya

sajabane tataran kasebut kang bisa diijolake. Kridhalakasa uga ngandharake yen sesambungan antarane perangan-perangan kasebut diarani sesambungan *in absentia*. Sesambungan *in absentia* yaiku sesambungan antarane guru warga klawan ndhuwurane kang ana sajrone struktur tartamtu, dene ana salah sawijine perangan kang ora ana, bisa diganteni karo perangan liyane tanpa mangaribawani ndhuwurane.

Jinise Sesambungan Semantis Paradigmatik

jinise sesambungan paradigmatik ing kene diperang dadi papat, yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim. Luwih cethane ngenani babagan kasebut diandharake ing ngisor iki.

1) Hiponim

Djasudarma (2012: 71) ngandharake yen hiponimi yaiku sesambungan makna kang ngemu teges hierarki. Sesambungan hiponimi cedhak karo sinonimi. Yen ana tembung nduweni kabeh perangan teges tembung liyane, nanging ora suwalike, sesambungan kasebut diarani hiponimi. Istilah hiponim saka tembung Yunani Kuno *anoma* kang ateges jeneng lan *hypo* kang ateges ing ngisor. Dadi tegese hiponim yaiku jeneng kang kalebu ing ngisore jeneng liya.

2) Kohiponim

Miturut Oka lan Suparno (1994:247) ana rong komponen sajrone hiponim, yaiku kelas ngisor lan kelas ndhuwur. Kelas ndhuwur kasebut minangka anggota kang diarani hipernim, dene kelas ngisor diarani kohiponim. Dadi kohiponim yaiku pira-pira hiponim kang nduweni hipernim kang padha.

3) Hipernim

Oka lan Suparno (1994:247) ngandharake hipernim yaiku kelas kang maknane nyakup jeneng-jeneng kang ana ing ngisore. Miturut Gudai (1989:19) tembung utawa pocapan kang nyakup jeneng-jeneng liya diarani 'superordinat'. Adhedhasar andharan para ahli kasebut, bisa dingerteni yen hipernim yaiku tembung uatawa pocapan kelas ndhuwur kang maknane nyakup jeneng-jeneng liya kang ana ing ngisore.

4) Kohipernim

Ing ndhuwur wis diandharake yen hipernim nuduhake kelas ndhuwur, antarane perangan kang ana ing klas ndhuwur iku nduweni sesambungan semantis paradigmatik kang diarani kohipernim. Dadi, antarane hipernim-hipernim iku nduweni sesambungan semantis paradigmatik kang arupa kohipernim.

Sipate Sesambungan Semantis Paradigmatik

Sipate sesambungan paradigmatik diperang dadi loro, yaiku netep lan ora netep. Sipat sesambungan paradigmatik kasebut diandharake luwih cetha ing ngisor iki.

1) Netep

Miturut Verhaar sajrone Oka lan Suparno (1994:81) dhistribusi bisa asipat komplementer lan bisa uga asipat paralel. Dhistribusi diarani komplementer yen

perangan-perangan kang nduweni sesambungan iku ora bisa nyulih, nanging bisa njangkepi siji lan sijine. Mula saka iku, asil saka dhistribusi kang asipat komplementer iku nuduhake sipat sesambungan paradigmatik kang netep.

2) Ora Netep

Miturut Verhaar sajrone Oka lan Suparno (1994:81) dhistribusi bisa asipat komplementer lan bisa uga asipat paralel. Dhistribusi diarani paralel yen perangan-perangan yang nduweni sesambungan iku bisa nyulih siji lan sijine. Mula saka iku, asil saka dhistribusi kang asipat paralel iku nuduhake sipat sesambungan paradigmatik kang netep.

Sesambungan Semantis Sintagmatik

Parera (1991:41) ngandharake sesambungan sintagmatik nuduhake sesambungan makna lan fungsi antarane satuwan basa kang slaras tataran. Miturut Sausure sajrone Alwasilah (1993:135) sesambungan sintagmatik yaiku sesambungan horizontal antarane perangan-perangan kalimat kang mbentuk urutan linear.

Jinise Sesambungan Semantis Sintagmatik

Jinise sesambungan sintagmatik ing kene diperang dadi loro, yaiku dhistribusi lan enkapsulasi. Luwih cethane ngenani babagan kasebut diandharake ing ngisor iki.

1) Dhistribusi

Sesambungan antarane perangan kang asipat horizontal diarani struktur lan sesambungan antarane perangan kang asipat vertical diarani sistem. Verhaar sajrone Oka lan Suparno (1989:81) ngandharake yen struktur lan sistem kasebut sesambungan karo konsep dhistribusi. Dhistribusi bisa asipat komplementer lan bisa uga asipat paralel. Dhistribusi diarani komplementer yen perangan-perangan kang nduweni sesambungan iku ora bisa nyulih, nanging bisa njangkepi. Dene dhistribusi diarani paralel yaiku yen perangan-perangan yang nduweni sesambungan iku bisa nyulih siji lan sijine.

2) Enkapsulasi

Enkapsulasi yaiku perangan makna saka *modifikasi* sintagmatik. Lyons (1977:262) ngandharake yen *modifikasi* sintagmatik iku saka tembung kang luwih umum utawa kanthi nggunakake tembung tunggal kang luwih mligi. Tuladhane tembung tunggal 'bujang' kang tegese 'wong lanang kang durung rabi' minangka sintagma saka [+manungsa] lan [-rabi]. Sabanjure ing prekara liya ing salah sawijine basa kang nggunakake tembung tunggal kang dikira-kira nduweni teges kang padha. Upamane tembung kriya 'nyawang' lan 'ngambu'. Tembung nyawang iku mesthi nganggo mripat lan 'ngambu' iku mesthi nganggo irung.

Tetembungan

Miturut Chaer (2007:19) tetembungan yaiku tembung utawa gabungan tembung kang tegese wis tetep, trep, mesthi, cetha, lan manteb; sarta mung dienggo sajrone sawijine bidhang kagiyatan utawa keilmuwan

tartamtu. Saka panemune para ahli kasebut bisa didudut yen tetembungan yaiku tembung utawa gabungane tembung sajrone bidhang tartamtu kang nduweni teges khas, tetep, trep, mesthi, cetha lan manteb.


Salah sawijine bidhang kang nduweni maneka warna tetembungan yaiku bidhang tatacara panguripane wong Jawa bab pandhe. Miturut Sudaryanto lan Pranowo (2001:771) pandhe yaiku tukang gawe dandanan wesi, kayata: arit, linggis, pacul, garu, lsp. Dene miturut Padmosoekotjo (1956:30) pandhe yaiku gawe gegaman saka wesi. Saka panemune Sudaryanto lan Pranowo sarta Padmosoekotjo kasebut, bisa didudut pandhe yaiku arane wong utawa tukang kang penggaweyane gawe gegaman saka wesi.

Adhedhasar panemune para ahli ing ndhuwur ngenani tegese tetembungan lan pandhe, bisa dingerteni yen tetembungan bab pandhe yaiku tembung lan gabungane tembung kang nduweni teges mligi sajrone penggaweyan gawe gegaman wesi minangka tatacara panguripane wong Jawa.

Pamerange Tetembungan

Pandhe adhedhasar panggarape matrial kaperang dadi loro, yaiku nggawe lan ndandani. Nggawe yaiku panggarape matrial logam wesi utawa waja saka bahan setengah dadi nganti ngasilake piranti kang siyap dienggo. Dene ndandani yaiku panggarape matrial piranti dadi kang wis rusak supaya dadi piranti kang kena dienggo maneh. Ndandani piranti pandhe biyasane diarani nglenyeh. Supaya luwih cetha, perangane pandhe adhedhasar panggarape matrial diandharake sajrone bagan ing ngisor iki.

Bagan 2.1
Pamerange pandhe adhedhasar panggarape matrial



Adhedhasar bagan 2.1 ing ndhuwur bisa dingerteni yen nggawe lan ndandani iku perangane pandhe. Dene pamerange tetembungan bab pandhe adhedhasar tataurute bisa diperang dadi telu, yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna.

Teori kanggo Panliten Iki

Panliten iki dijlentrehake nganggo teori fitur dhistingtif teges. Miturut Kridalaksana (2008) dhistingtif nduweni fungsi kanggo mbedakake teges perangan-perangan basa. Dadi, teori fitur dhistingtif teges utawa diarani komponen pambada yaiku teori kanggo mbedakake teges antarane perangan siji lan liyane. Teori fitur dhistingtif teges iki minangka lelandhesan kanggo ngonceki saben-saben dhata kang ana, kanthi nggunakake jlentrehan perangane teges kanggo meruhi sesambungan semantis paradigmatik, lan jlentrehan struktur batin kanggo meruhi sesambungan semantis sintagmatik.

METODHE PANLITEN

Isine bab III iki ana telung perangan, ing antarane yaiku (1) titikane panliten, (2) uba rampene panliten, lan (3) tata carane panliten. Andharan luwih jangkepe ana ing ngisor iki.

Titikane Panliten

Titikane panliten iki diperang dadi loro, yaiku (1) jinise panliten lan (2) sipate panliten. Supaya luwih gamblang, bisa dideleng andharan ing ngisor iki.

Jinise Panliten

Panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif kuantitatif jalaran njlentrehake sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe kang dibuktekake kanthi asil persentase drajat bebedan saben dhatane. Panliten iki nduweni tujuwan ngandharake kedadayan kang ana nganggo angka-angka kanggo njlentrehake titikane samubarang kanthi apa anane (Syamsudin & Damayanti, 2011:194).

Sipate Panliten

Panliten iki asipat sinkronis amarga basa kang dienggo yaiku basa ing jaman saiki ing sawijine wilayah. Basa kang diteliti sajrone panliten iki yaiku basa kang dituturake dening empu lan panjake pandhe ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto kang saben dinane nggawe lan ndandani piranti-piranti pandhe.

Ubarampene Panliten

Ubarampe sajrone panliten iki kaperang dadi telu yaiku (1) dhata panliten, (2) sumber dhata, lan (3) instrument panliten. Andharan telung perangan kasebut ana ing ngisor iki.

Dhata Panliten

Dhata sajrone panliten iki yaiku tetembungan bab pandhe ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto kang ana gegayutane karo katrangan-katrangan kang arupa sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik. Tetembungan kang dipilih sajrone panliten iki mligi ngenani tatacara-tatacara kang dienggo nalika proses nggawe lan ndandani wiwit saka titisiyaga, titilaksana, nganti titipurna kang nduweni sesambungan semantis leksikal. Tuladhane yaiku tatacara nyepuh, nyetik geni, nggembleng, malu senter, lan sapanungale. Dhata sajrone panliten iki kalebu dhata primer kang arupa tembung-tembung ing basa Jawa.

Sumber Dhata

Sumber dhata panliten iki yaiku asile wawancara, asile nyemak, lan cathetan-cathetan ngenani tetembungan bab pandhe kang nduweni sesambungan semantis leksikal. Wawancara lan nyemak kasebut ditindakake ing siji-sijine pandhe kang ana ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto, persise yaiku ing Dhusun Brangkal Wetan Desa Kintelan.

Instrumen panliten

Instrument sajrone panliten iki diperang dadi loro, yaiku (1) instrumen kanggo nglumpukake dhata, lan (2) instrumen kanggo njlentrehake dhata. Andharan jangkepe ana ing ngisor iki.

Instrumen kanggo Nglumpukake Dhata

Instrumen kanggo nglumpukake dhata ing panliten iki yaiku piranti tulis lan kartu dhata. Piranti tulis arupa buku lan pulpen ing panliten iki kanggo nyathet dhata lan tembung-tembung kang wigati. Dene kartu dhata gunane kanggo nggampangake nglumpukake dhata lan nggolongake dhata adhedhasar konsep lan teori. Saliyane iku panliti uga nyiyapake pitakonan-pitakonan kang ana sesambungane karo tetembungan bab pandhe. Instrumen-instrumen kasebut bisa nyengkuyung panliti anggone nglumpukake dhata panliten iki.

Instrumen kanggo Njlentrehake Dhata

Instrumen kanggo njlentrehake dhata ing panliten iki yaiku kartu dhata, laptop lan kamus basa Jawa. Kartu dhata kanggo meruhi dhata-dhata kang wis diklumpukake lan wis digolongake. Laptop kanggo ngetik jlentrehan dhata. Dene kamus basa Jawa kanggo nggoleki tembung utawa tetembungan kang durung dingerteni. Instrumen-instrumen kasebut bisa nyengkuyung panliti anggone ngrampungake panliten iki.

Tatacarane Panliten

Miturut Sudaryanto (2015:6-8) ana telung tahap utawa tatacara panliten kang urut, yaiku (1) tatacara nglumpukake dhata, (2) tatacara njlentrehake dhata, lan (3) tatacara nyuguhake asil jlentrehan dhata. Saben tatacara kasebut nduweni metodhe lan teknik dhewe-dhewe. Metodhe lan teknik kasebut diandharake ing ngisor iki.

Tatacara Nglumpukake Dhata

Tatacara kanggo nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi cara wawancara lan nyemak. Nganggo cara wawancara amarga panliti menehi pitakonan marang informan kang luwih ngerteni babagan pandhe. Dene nganggo cara nyemak amarga cara kang digunakake nalika golek dhata yaiku ditindakake kanthi nyemak panganggone basa antarane wong kang nggarap pandhe karo wong kang pesen utawa ndandakake pandhe.

Tatacara Njlentrehake Dhata

Adhedhasar dhata kang wis diklumpukake kanthi nggunakake metode lan teknik nglumpukake dhata, banjur diidentifikasi lan diklasifikasi. Sabanjure dijlentrehake kanthi nggunakake metodhe lan teknik jlentrehan dhata. Sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe iki bakal dijlentrehake nganggo jlentrehan perangan teges lan jlentrehan struktur batin. Dhata kang arupa tetembungan bab pandhe ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto iku sabanjure kalebu dhata paradigmatik lan dijlentrehake adhedhasar hiponim, hipernim, kohiponim, lan kohipernim kanthi njlentrehake perangan tegese. Dene dhata sintagmatike dijlentrehake kanthi jlentrehan struktur batin, kang dhasare saka dhata paradigmatik.

Tatacara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Asil jlentrehan dhata sajrone panliten iki disuguhake kanthi cara formal lan informal. Diarani formal

amarga asil ngenani sesambungan paradhigmatik sajrone tetembungan bab pandhe iki disuguhake nganggo angka-angka kang diantuk saka rumus drajat pepadhan lan bebedan kanggo ngitung persentase tetembungan kang asipat netep lan ora netep. Rumuse kaya ing ngisor iki.

Rumus Drajat Pepadhan

$$DP = \frac{a}{n} \times 100\%$$

Rumus Drajat Bebedan

$$DB = \frac{b}{n} \times 100\%$$

Katrangan:

DP= Drajat Pepadhan

DB= Drajat Bebedan

a= cacah tetembungan kang ana ing perangan teges tartamtu, dititiki nganggo tandha tambah (+).

b= cacah tetembungan kang ora ana ing perangan teges tartamtu, dititiki nganggo tandha kurang (-).

n= cacah perangane teges

Rumus kasebut kanggo meruhi persentase drajat pepadhan lan bebedane tetembungan kang asipat netep lan ora netep. Persentase kasebut dadi dhasar merang jinise sesambungan semantis enkapsulatif lan dhistributif kang diperang dadi telu, yaiku dhuwur, sedhengan, lan endhek. Sawise iku, asil panliten iki disuguhake kanthi jlentrehan tembung-tembung kang gampang dingerteni dening pamaca. Mula saka iku, cara nyugugahe asil panliten iki uga diarani informal.

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Bab IV iki kaperang dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehan dhata, (2) asil panliten, lan (3) dhiskusi asil panliten. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

Andharan lan Jlentrehan

Tetembungan-tetembungan bab pandhe minangka dhata panliten iki diandharake lan dijlentrehake dadi loro, yaiku (1) jinise sesambungan semantis paradhigmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa lan (2) jinise sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa. Andharan luwih cethane sesambungan semantik sajrone tetembungan bab pandhe kasebut ana ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Paradhigmatik sajrone Tetembungan Bab Pandhe minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa


Bidhang tatacara panguripane wong Jawa (TPWJ) bab pandhe nduweni tetembungan-tetembungan kang bisa digoleki sesambungan semantis paradhigmatike kang diperang dadi papat, yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim. Mula saka iku, bakal diandharake kanthi luwih cetha ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Paradhigmatik Hiponim

Jinise sesambungan semantis paradhigmatik kang kapisan yaiku hiponim. Hiponim bisa dititiki saka anane sesambungan antarane klas ngisor kang nduweni makna

mligi marang klas ndhuwur kang nduweni makna kang luwih umum. Kanggo nggampangake ngerteni sesambungan semantis paradhigmatik (SSP) hiponim, SSP hiponim diperang dadi telu adhedhasar klas-klase, ing antarane yaiku hiponim panggarape matrial, hiponim tataurut, lan hiponim tatacara. Sesambungan antarane klas-klas kasebut ora bisa diwolak walik, saengga sajrone ngandharake bagan sesambungan semantis paradhigmatik hiponim iki digambarake kanthi tandha panah mendhuwur (↑) supaya ora bingung anggane ngerteni arah sesambungan. Luwih cethane bisa dideleng bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.1
Perangane Sesambungan Semantis Paradhigmatik Hiponim



Katrangan:

: Bidhang
 : Bageyan
 : Panthan
 : Princen

Bagan 4.1 ing ndhuwur nuduhake perangane sesambungan semantis paradhigmatik (SSP) hiponim. SSP hiponim kaperang dadi telu, yaiku hiponim panggarape matrial, hiponim tataurut, lan hiponim tatacara. Hiponim panggarape matrial minangka panthane pandhe iku dituduhake klawan kothak warna ijo kang disambungake klawan tandha panah mendhuwur (↑) tumuju menyang kothak warna soklat. Kothak ijo kasebut minangka pepanthane kothak warna soklat. Sabanjure, hiponim tataurut minangka bageyane pandhe iku dituduhake klawan kothak warna kuning kang disambungake klawan tandha panah mendhuwur (↑) tumuju menyang kothak warna ijo. Kothak kuning kasebut minangka bageyane kothak warna soklat. Dene hiponim tatacara minangka princene pandhe dituduhake klawan kothak warna biru kang disambungake klawan tandha panah mendhuwur (↑) tumuju menyang kothak warna biru. Ateges kothak warna biru kasebut minangka princene kothak warna soklat. Luwih cethane ngenani hiponim panggarape matrial, hiponim tataurut, lan hiponim tatacara sajrone tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa bakal diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki


Hiponim Panggarape Matrial

Hiponim panggarape matrial bisa diarani hiponim panthan kang nduweni teges yaiku sesambungan antarane tetembungan kang maknane minangka warga utawa golongan saka tetembungan kang nduweni makna paling jembar. Hiponim panggarape matrial minangka panthane pandhe iki bisa dititiki saka anane sesambungan antarane

klas ngisor minangka pepanthan karo klas ndhuwur kang nduweni makna paling jembar. Sesambungan antarane klas ngisor lan klas ndhuwur kasebut ora bisa diwolak walik, saengga sajrone ngandharake bagan sesambungan hiponim iki digambarake kanthi tandha panah mendhuwur (↑) supaya ora bingung anggone ngerteni arah sesambungane. Supaya luwih cetha anggone ngerteni hiponim panggarape matrial, bisa dideleng bagan kang nuduhake hiponim panggarape matrial sajrone tetembungan bab pandhe ing ngisor iki.

Bagan 4.2

Hiponim Panggarape Matrial sajrone Bab Pandhe



Adhedhasar bagan 4.2 ing ndhuwur bisa diweruhi yen panthane tetembungan bab pandhe adhedhasar panggarape matrial iku ana loro, yaiku nggawe lan ndandani. Luwih cethane ngenani jlentrehan rong panthan kasebut ana ing ngisor iki.

Hiponim Tataurut


Hiponim tataurut minangka bageyane bab pandhe yaiku sesambungan antarane tetembungan klas ngisor kang maknane luwih mligi, karo klas ndhuwure yaiku panthane tetembungane bab pandhe kang nduweni makna luwih jembar. Ing ngisor iki diandharake hiponim tataurut sajrone panthan nggawe.

Hiponim Tataurute Bab Nggawe

Hiponim tataurut sajrone bab nggawe dibage dadi bageyan kang luwih mligi adhedhasar tataurute nggawe piranti pandhe, yaiku titisiyaga, titilaksana lan titipurna. Yen wis dilakoni kabeh tataurute wiwit titisiyaga nganti titipurna, bakal bisa ngasilake piranti kang dikarepake. Kabeh tetembungan bab nggawe kasebut nduweni sesambungan antarane klas ngisor (subordinat) karo klas ndhuwur (superordinat). Luwih cethane bisa dideleng bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.3

Hiponim Tataurute Bab Nggawe



Bagan 4.3 ing ndhuwur nuduhake yen titisiyaga, titilaksana, lan titipurna ana sangisore panthan nggawe saengga diarani subordinate panthan nggawe. Dene nggawe manggon ing klas ndhuwur kang diarani superordinate tataurute nggawe. Saka andharan kasebut bisa dingerteni yen anggota sajrone subordinat iku minangka bageyane bab pandhe kang nduweni makna luwih mligi saka bab nggawe, amarga telung bageyan kasebut minangka tataurut kanggo nggawe piranti pandhe. Antarane subordinat lan superordinat kasebut disambungake klawan tandha panah mendhuwur lan ora bisa diwolak-walik. Mula bisa didudut yen titisiyaga, titilaksana, lan titipurna iku hiponim tataurute bab nggawe.

Hiponim Tatacara


Sesambungan semantis paradigmatik hiponim kang kaping telu yaiku hiponim tatacara. Hiponim tatacara minangka princene bab pandhe iki bisa ditegesi perangane hiponim kang paling cilik kang nduweni makna luwih mligi maneh tinimbang hiponim tatacara. Ing ngisor iki dijlentrehake hiponim tatacarane bab nggawe sajrone titisiyaga.

1) Hiponim Tatacara sajrone Titisiyaga

Hiponim tatacara sajrone tetembungane titisiyaga yaiku hiponim kang nuduhake peprincene titisiyaga. Sesambungan kasebut searah mendhuwur ora bisa diwolak-walik lan dituduhake karo tandha panah arah mendhuwur (↑) kanggo nggampangake ngerteni arah sesambungane. Titisiyaga yaiku tataurut wiwitan kang kudu ditindakake sajrone nggawe piranti pandhe. Adhedhasar tatacarane, tetembungan sajrone titisiyaga diprinci dadi telu, yaiku nggolek bahan, ngemal, lan nyethik geni. Luwih cethane bisa dideleng bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.5

Tetembungane Titisiyaga



Bagan 4.5 ing ndhuwur nuduhake yen nggolek bahan, ngemal, lan nyethik geni minangka princen titisiyagane bab nggawe. Telung princen kasebut minangka tatacara kang kudu dilakoni sajrone titisiyaga. Saliyane iku, princen kasebut manggon sangisore titisiyaga lan dituduhake klawan tandha panah saarah mendhuwur. Tetembungan nggolek bahan, ngemal, lan nyethik geni minangka klas ngisor utawa subordinat, dene titisiyaga minangka superordinat. Babagan kasebut nuduhake yen telung tatacara minangka subordinat iku nduweni makna kang luwih mligi saka titisiyaga. Mula saka iku, bisa didudut yen tetembungan nggolek bahan, ngemal, lan nyethik geni iku hiponim tatacarane titisiyaga. Nggolek bahan iku mesthi tatacara sajrone titisiyaga, nanging tatacara sajrone titisiyaga ora mung nggolek bahan, ana uga tatacara ngemal, lan nyethik geni.

Sesambungan Semantis Paradigmatik Kohiponim

Kohiponim tetembungan sajrone tetembungan bab pandhe bisa digoleki kanthi anane sesambungan saben anggota klase sing manggon sangisore superordinat sajrone bab pandhe. Luwih cethane ngenani sesambungan semantis paradigmatik sajrone tetembungan bab pandhe kang arupa kohiponim bisa dideleng ing andharan ngisor iki.

Kohiponim Panggarape Matrial

Jinise kohiponim kang kaping pisan yaiku kohiponim panggarape matrial. Kohiponim panggarape

matrial yaiku sesambungan antarane saben panggarape matrial miangka panthane bab pandhe kang nduweni klas ndhuwur utawa superordinat paling dhuwur.

Kohiponim Tataurit

Jinise kohiponim kang kaping pindho yaiku kohiponim tataurit. Kohiponim tataurit yaiku sesambungan antarane saben tataurit minangka bageyane bab pandhe kang nduweni klas ndhuwur utawa panthan kang padha. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake kohiponim tataurit sajrone bab nggawe.

Kohiponim Tataurit sajrone Bab Nggawe

Kohiponim tataurit sajrone bab nggawe kang kapisan dituduhake ing bagan 4.3. Bagan kasebut nuduhake yen titisiyaga, titilaksana, lan titipurna iku nduweni sesambungan kohiponim tataurit, amarga telung tetembungan kasebut minangka tataurute bab nggawe lan minangka bageyane bab pandhe kang nduweni klas ndhuwur utawa superordinat kang padha, yaiku tetembungan nggawe minangka panthane bab pandhe. Saka andharan kasebut bisa didudut yen titisiyaga iku nduweni sesambungan kohiponim tataurit karo titilaksana lan titipurna sajrone bab nggawe.

Kohiponim Tatacara

Jinise kohiponim kang kaping telu yaiku kohiponim tatacara. Kohiponim tatacara yaiku sesambungan antarane saben tatacara minangka princene bab pandhe kang nduweni klas ndhuwur utawa bageyan kang padha. Sesambungan kohiponim tatacara sajrone tetembungan bab pandhe bisa dideleng ing bagan 4.1. Tetembungan kang nduweni kohiponim tatacara dituduhake klawan anane sesambungan saben tetembungan kang manggon ing kothak werna biru, yaiku minangka princene bab nggawe.

Sesambungan Semantis Paradhigmatik Hipernim


Jinise sesambungan semantis paradhigmatik kang nomer telu yaiku hipernim. Ana telung perangan sajrone hipernim adhedhasar tatarane, yaiku hipernim panggarape matrial, hipernim tataurit, lan hipernim tatacara. Luwih cethane diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki

Hipernim Panggarape Matrial sajrone Bab Pandhe minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Sesambungan semantis paradhigmatik hipernim kang kaping pisan yaiku hipernim panggarape matrial. Hipernim panggarape matrial yaiku sesambungan antarane tetembungan bab pandhe kang maknane luwih umum karo tetembungan panggarape matrial kang maknane luwih mligi. Supaya luwih cetha anggone ngerteni hipernim panggarape matrial, bisa dideleng bagan kang nuduhake hipernim panggarape matrial sajrone tetembungan bab pandhe ing ngisor iki.

Bagan 4.17

Hipernim Panggarape Matrial sajrone Bab Pandhe



Adhedhasar bagan 4.17 ing ndhuwur bisa diweruhi yen panthane tetembungan bab pandhe adhedhasar panggarape matrial iku ana loro, yaiku nggawe lan ndandani. Panthane pandhe kang kapisan yaiku nggawe kang mligi kanggo ndadekake wesi wutuh dadi piranti kang nduweni nile guna kanggo olah tetanen, gegaman, utawa liyane. Dene panthane bab pandhe kang kapindho yaiku ndandani gegaman wesi utawa waja supaya bisa dienggo ing jinis lemah tartamtu. Mula saka iku, pandhe bisa diarani minangka hipernim panggarape matriale nggawe lan ndandani, amarga pandhe minangka bidhang kang nduweni makna luwih jembar tinimbang rong panthan kasebut. Rong panthan kasebut nduweni makna mligi lan manggon sangisore bab pandhe saengga kalebu klas ngisor. Saliyane iku, bagan ing ndhuwur dicethakake karo tandha panah mengisor kang nuduhake titikane hipernim kang saarah mengisor.

Hipernim Tataurit sajrone Bab Pandhe minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa


Sesambungan semantis paradhigmatik hipernim kang kaping pindho yaiku hipernim tataurit. Hipernim tatacara yaiku sesambungan antarane tetembungan klas ndhuwur minangka panthane bab pandhe, karo klas ngisore yaiku tataurit minangka bageyane bab pandhe kang nduweni makna luwih mligi. Andharan lan jlentrehan kang luwih cetha bisa dideleng hipernim tataurit sajrone bab nggawe ing ngisor iki.

Hipernim Tataurit sajrone Bab Nggawe

Hipernim tataurit sajrone bab pandhe dibage dadi bageyan kang luwih mligi adhedhasar tataurute nggawe piranti pandhe, yaiku titisiyaga, titilaksana lan titipurna. Yen wis dilakoni kabeh tataurute wiwit titisiyaga nganti titipurna, bakal bisa ngasilake piranti kang dikarepake. Kabeh tetembungan bab nggawe kasebut nduweni sesambungan antarane klas ndhuwur (superordinat) karo klas ngisor (subordinat) kang diarani hipernim tataurit sajrone bab pandhe. Luwih cethane bisa dideleng bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.18

Hipernim Tataurit sajrone Bab Nggawe



Bagan 4.18 ing ndhuwur nuduhake yen nggawe manggon ing klas ndhuwur kang diarani superordinate tataurute bab nggawe. Dene titisiyaga, titilaksana, lan titipurna ana sangisore bab nggawe saengga diarani subordinat bageyane pandhe. Saka andharan kasebut bisa dingerteni yen anggota sajrone subordinat iku minangka tataurute bab nggawe lan minangka bageyane bab pandhe kang nduweni makna luwih mligi saka bab nggawe. Antarane superordinat lan subordinat kasebut disambungake klawan tandha panah mengisor lan ora bisa diwolak-walik. Mula bisa didudut yen titisiyaga, titilaksana, lan titipurna iku hipernim tataurute bab pandhe kang ana sajrone klompok nggawe.


Hipernim Tatacara sajrone Bab Pandhe minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Sesambungan semantis paradhigmatik hipernim kang kaping telu yaiku hipernim tatacara. Adhedhasar panthane tetembungan bab pandhe ana loro, lan saben panthan kasebut nduweni telung bageyan, mula jlentrehan ngenani hipernim tatacara iki diklompokake dadi loro dhisik banjur dijlentrehake adhedhasar saben bageyane. Andharan lan jlentrehan kang luwih jangkep bisa dideleng ing ngisor iki.

Hipernim Tatacara sajrone Titisiyagane Bab Nggawe

Sesambungan hipernim iki searah mengisor ora bisa diwolak-walik lan dituduhake karo tandha panah arah mengisor. Adhedhasar tatacarane, tetembungan sajrone titisiyaga diperang dadi telu, yaiku nggolek bahan, ngemal, lan nyethik geni. Luwih cethane bisa dideleng bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.20
Hipernim Tatacara sajrone Titisiyaga



Bagan 4.20 ing ndhuwur nuduhake yen titisiyaga diperang dadi telu, yaiku nggolek bahan, ngemal, lan nyethik geni. Telung perangan kasebut minangka tatacara kang kudu dilakoni sajrone titisiyaga. Saliyane iku, telung perangan kasebut manggon sangisore titisiyaga lan dituduhake klawan tandha panah mengisor. Tetembungan nggolek bahan, ngemal, lan nyethik geni minangka klas ngisor utawa subordinat, dene titisiyaga minangka superordinat. Babagan kasebut nuduhake yen nggolek bahan, ngemal, lan nyethik geni iku minangka princene bab pandhe kang kalebu bageyan titisiyaga sajrone panthane bab pandhe. Mula bisa didudut yen titisiyaga iku hipernime tatacara nggolek bahan, ngemal, lan nyethik geni.

Sesambungan Semantis Paradhigmatik Kohipernim

Jinise sesambungan semantis paradhigmatik kang nomer papat yaiku kohipernim. Luwih cethane ngenani sesambungan semantis paradhigmatik sajrone tetembungan bab pandhe kang arupa kohipernim bisa dideleng andharan ing ngisor iki.

Kohipernim Panggarape Matrial sajrone Bab Pandhe minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Jinise kohipernim kang kaping pisan yaiku kohipernim panggarape matrial. Kohipernim panggarape matrial yaiku sesambungan antarane superordinate panthane pandhe adhedhasar panggarape matrial. Sesambungan panggarape matrial sajrone tetembungan bab pandhe bisa dideleng ing bagan 4.17. Bagan kasebut nuduhake yen nggawe lan ndandani iku minangka panthane pandhe, kekarone nduweni klas ndhuwur utawa superordinat kang padha, yaiku pandhe. Pandhe minangka

superordinat tunggal, saengga ora nduwe sesambungan kohipernim karo superordinat liyane.

Kohipernim Tataurur sajrone Bab Pandhe minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Jinise kohipernim kang kaping pindho yaiku kohipernim tataurur. Kohipernim tataurur sajrone bab pandhe yaiku sesambungan antarane nggawe lan ndandani, amarga kekarone padha-padha nduwe tataurur kang luwih mligi ing subordinate. Antarane nggawe lan ndandani kasebut disambungake klawan tandha panah mengiwa lan menengen ($\leftrightarrow$) amarga kekarone minangka panggarape matrial pandhe.

Kohipernim Tatacara sajrone Bab Pandhe minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Jinise kohipernim kang kaping telu yaiku kohipernim tatacara. Kohipernim tatacara yaiku sesambungan antarane superordinate tatacara sajrone bab pandhe.

Kohipernim Tatacara sajrone Titisiyagane Bab Nggawe

Kohipernim tatacara sajrone titisiyaga yaiku sesambungan antarane tatacara nggolek bahan, tatacara ngemal, lan tatacara nyethik geni. Anane sesambungan kasebut amarga telung tatacara iku nduweni perangan-perangan kang luwih cilih maneh. Telung tatacara kasebut disambungake klawan tandha panah mengiwa lan menengen ($\leftrightarrow$) ateges tatacara kasebut padha-padha nduweni sesambungan. Dadi tatacara nggolek bahan nduweni sesambungan karo tatacara ngemal, uga suwalike.

Sesambungan Semantis Paradhigmatik kang Asipat Netep

Sipate sesambungan semantis paradhigmatik ana loro, yaiku netep lan ora netep. Ing kene bakal diandharake sipate sesambungan semantis paradhigmatik kang kapisan, yaiku asipat netep. Sesambungan semantis paradhigmatik kang asipat netep sajrone tetembungan bab pandhe iki dipantha dadi loro adhedhasar panggarape matrial, yaiku sajrone tetembungan bab nggawe lan bab ndandani. Luwih gamblange ngenani babagan kasebut ana ing ngisor iki.

Tetembungan sajrone Bab Nggawe kang Asipat Netep

Sesambungan semantis paradhigmatik kang asipat netep sajrone pepanthane bab pandhe kang kapisan yaiku ana ing tetembungane bab nggawe. Tetembungane bab nggawe kang asipat netep diklompokake adhedhasar tataurute, ing antarane yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Supaya luwih glambang, tetembungane bab nggawe kang asipat netep disebutake lumantar dhaftar ing ngisor iki.

Tetembungane Titisiyaga Bab Nggawe kang Asipat Netep

Tetembungane titisiyaga bab nggawe kang asipat netep bakal dijlentrehake nganggo fitur dhistingtif teges kanggo ngerteni drajat pepadhan lan bebedan antarane tetembungan siji lan liyane. Jlentrehan perangane teges saben tetembungan iki bisa dadi dhasar negesi

tetembungan-tetembungan kang ana. Supaya luwih cetha ngenani fitur saka tetembungane titisiyaga bab pandhe kang arupa enkapsulatif iki, bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.1
Drajat Pepadhan lan Drajat Bebedan
Tetembungane Titisiyaga kang Asipat Netep

No.	Perangan teges Tetembungan	a	b	c	DP	DB
1	Milihi	-	+	-	33.3 %	66.7%
2	Nggarisi	+	-	-	33.3 %	66.7%
3	nggambar	+	-	-	33.3 %	66.7%
4	nyerok	-	-	+	33.3 %	66.7%
5	Ngubub	-	-	+	33.3 %	66.7%

Katrangan:

a= pakaryane ngemal c= pakaryane nyethik geni

b= pakaryane nggolek bahan

Adhedhasar tabel 4.1 ing ndhuwur bisa dingerteni yen tetembungan sajrone titisiyaga bab pandhe kang asipat netep iku nduweni drajat pepadhan (DP) lan drajat bebedan (DB) kang padha, yaiku DP 33.3% lan DB 66.7%. DP lan DB kasebut diweruhi kanthi cara ngitung persentasene tandha tambah (+) lan tandha kurang (-). Tandha tambah (+) nuduhake yen tetembungane ana ing perangan teges tartamtu. Dene tandha kurang (-) nuduhake yen tetembungane ora ana ing perangan teges tartamtu. Carane ngitung persentase DP yaiku cacahé tandha tambah (+) dibagi cacahé perangan teges banjur diping 100%. Dene ngitung persentase DB yaiku cacahé tandha kurang (-) dibagi cacahé perangan teges banjur diping 100%. Cacahé perangan teges ing tabel ing ndhuwur telu, yaiku pakaryane ngemal, pakaryane nggolek bahan, lan pakaryane nyethik geni.

Saka jlentrehan kasebut, banjur tetembungan kang asipat netep bisa ditegesi. Dene salah sawijine tegese tetembungan sajrone titisiyaga bab nggawe dijentrehake ing ngisor iki.

(1) nggarisi

Nggarisi yaiku tetembungan sajrone bidhang tatacara panguripane wong Jawa subbidhang pandhe, kang kalebu bab nggawe minangka bageyan titilaksana lan princen ngemal, kang awujud pakaryan menèhi tenger ukuran ing wesi kanthi piranti garisan lan kapur supaya wangune slaras karo ukuran kang dikarepake.

Sesambungan Semantis Paradhigmatik kang Asipat Ora Netep

Sipate sesambungan semantis paradhigmatik kang kapindho yaiku sesambungan semantis paradhigmatik kang asipat ora netep. Tetembungan sajrone bidhang tartamtu kang nduweni sesambungan semantis paradhigmatik kang ora netep iku nuduhake yen tetembungan kasebut dudu tetembungan asli saka bidhang tartamtu, saliyané iku, tetembungan iki bisa nyulhi tetembungan liyané. Sesambungan semantis paradhigmatik kang asipat ora netep sajrone tetembungan bab pandhe iki dipantha dadi loro adhedhasar panggarape matrial, yaiku sajrone tetembungan bab nggawe lan bab ndandani. Luwih gamblange ngenani babagan kasebut ana ing ngisor iki.

Tetembungane Titilaksana Bab Nggawe kang Asipat Ora Netep

Tetembungan kang asipat ora netep sajrone titilaksanane bab nggawe mung ana siji, yaiku tetembungan nyupit. Tetembungan kasebut bakal digoleki drajat pepadhan lan bebedane nganggo jlentrehan perangan teges kanggo nuduhake sipat ora netepe. Jlentrehan perangan teges kasebut bisa dadi dhasar negesi tetembungan-tetembungan kang ana. Jlentrehan luwih jangkepe ana ing ngisor iki.

Tabel 4.7

Drajat Pepadhan lan Drajat Bebedan Tetembungane
Titilaksana sajrone Bab Nggawe kang Asipat Ora
Netep

No.	Perangan teges Tetembungan	a	b	c	d	e	f	g	h	DP	DB
1.	Nyupit	+	+	+	+	+	+	+	+	100%	0%

Katrangan:

a= pakaryane ngobong

b= pakaryane nggembeleng

c= pakaryane ngentheri

d= pakaryane nyenter

e= pakaryane nggrenda

f= pakaryane ngikir

g= pakaryane nekuk

h= pakaryane mijer

Saka tabel 4.7 ing ndhuwur bisa dingerteni yen sesambungan semantis sintagmatik sajrone bab pandhe kang asipat ora netep iku mung ana satetembungan. Tetembungan kasebut yaiku nyupit kang ana sajrone titilaksanane bab nggawe. Tetembungan nyupit nduweni drajat pepadhan 100% lan drajat bebedan 0%. Nduweni drajat 100% ateges saben perangan teges padha-padha ana tetembungan nyupit.

Saka jlentrehan fitur pambada ing ndhuwur, banjur tetembungan kang asipat ora netep kasebut bisa ditegesi. Dene tegese tetembungane nyupit sajrone titilaksanane bab nggawe dijentrehake ing ngisor iki.

(1) nyupit

Nyupit yaiku tetembungan sajrone bidhang tatacara panguripane wong Jawa subbidhang pandhe, kang kalebu bab nggawe, bageyan titilaksana, kalebu princen tatacara ngobong, nggembeleng, ngentheri, nyenter, nggrenda, ngikir, nekuk, mijer kang awujud pakaryan nyekeli lan nyepit wesi utawa logam nganggo piranti kang aran supit.

Tetembungan kang asipat ora netep sajrone titilaksanane bab nggawe wis dijentrehake, sabanjure yaiku andharan lan jlentrehan ngenani tetembungan sajrone titipurnane bab nggawe kang asipat netep. Andharan luwih cethane ana ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Pandhe kang Arupa Enkapsulatif

Enkapsulatif nduweni telung perangan yaiku, (1) enkapsulasi dhuwur, (2) enkapsulasi sedhengan, lan (3) enkapsulasi endhek. Andharan kang luwih jangkep ana ing ngisor iki.

Enkapsulatif Dhuwur

Enkapsulatif dhuwur yaiku perangané enkapsulatif kang persentase drajat bebedan iku dhuwur,

yaiku 80,5% utawa luwih ($\geq 80,5\%$). Tetembungan sajrone bab pandhe kang nduweni sesambungan enkapsulatif dhuwur yaiku, tetembungan sajrone titilaksana bab nggawe.

Wis diandharake ing sesambungan paradigmatik yen tetembungane titilaksana bab nggawe kang asipat netep ana pitung tetembungan, yaiku ngubub, malu bodhem, malu pangimbal, malu kenter, malu senter, nggrenda, lan ngikir. Drajat bebedane tetembungan kasebut padha, yaiku 83.30%. Drajat kasebut luwih saka 80,5%, saengga tetembungane titilaksana bab nggawe iki nduwe sesambungan enkapsulatif dhuwur.

Ing ngisor iki bakal dijlentrehake bedane tetembungan-tetembungan sajrone titilaksanane bab nggawe kanggo meruhi tipe maknane. Luwih cethane bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.11

Tetembungane Titilaksana Bab Nggawe kang Asipat Enkapsulatif

Bisa diweruhi saka tabel 4.11 ing ndhuwur yen pitung tetembungane titilaksana bab nggawe kang asipat enkapsulatif dhuwur iku minangka enkapsulator kang dibedakake adhedhasar titikane. Dene titikane ana pitu, yaiku, nyebulake angin, nipisake wesi, ngimbangi bodhem, ngalusake wesi nganggo grenda, ngalusake wesi nganggo kikir, ngratakake thuthukan, lan ngencengake thuthukan. Dene kang ana ing kolom tipe makna iku diarani enkapsulasine. Dadi enkapsulasine tetembungane titilaksana bab nggawe iku ana nem, yaiku pakaryane ngobong, pakaryane nggembleng, pakaryane ngentheri, pakaryane nyenter, pakaryane nggrenda, lan pakaryane ngikir.

Pola kaslarasan antarane tetembungan kang asipat enkapsulatif (enkapsulator) lan tipe makna minangka enkapsulasine, bisa dideleng ing tabel ngisor iki.

Tabel 4.12

Enkapsulasine Tetembungan Titilaksana Bab Nggawe

Tipe makna Tetembungan	Pakaryane ngobong	Pakaryane nggembleng	Pakaryane ngentheri	Pakaryane nyenter	Pakaryane nggrenda	Pakaryane ngikir
Ngubub	√	x	x	x	x	x
Malu Bodhem	x	√	x	x	x	x
Malu Pangimbal	x	√	x	x	x	x
Malu Kenter	x	x	√	x	x	x
Malu Senter	x	x	x	√	x	x
Nggrenda	x	x	x	x	√	x
Ngikir	x	x	x	x	x	√

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni yen tetembungan kang asipat enkapsulatif dhuwur iku manggon ing salah sijine perangan tatacara sajrone titisiyagane bab nggawe. Tetembungan-tetembungan kasebut ana ing perangane dhewe-dhewe, amarga tetembungan kang asipat enkapsulatif dhuwur kasebut dhasare saka sesambungan semantis paradigmatik kang asipat netep.

Enkapsulatif Sedhengan

Enkapsulatif sedhengan yaiku perangane enkapsulatif kang persentase drajat bebedane iku sedhengan, yaiku ing antarane 69,5% lan 80,5% ($69,5\% < 80,5\%$). Drajad pepadhan iki diweruhi saka fitur dhistingtif teges. Jlentrehan perangane teges kasebut bisa dadi dhasar negesi tetembungan-tetembungan kang ana. Ig ngisor iki dijlentrehake enkapsulatif sedhengan sajrone tetembungan titisiyaga bab nggawe.

Tetembungane Titisiyaga Bab Nggawe

Tetembungan sajrone titisiyaga bab nggawe kang asipat netep wis disebutake ing subbab sadurunge yaiku ana limang tetembungan. Tetembungan kasebut yaiku, milih, nggarisi, nggambar, nyerok, lan ngubub. Tetembungan kasebut nduweni drajat bebedan kang padha, yaiku 66.7%. Mula, tetembungan kasebut diarani enkapsulatif sedhengan amarga nile drajat bebedane yaiku 66.7%, luwih saka 69,5% lan kurang saka 80,5%.

No.	Tetembungan	Bedane Tetembungan							Tipe Makna
		Nyebulake angin	Nipisake wesi	Ngimbangi bodhem	Ngalusake wesi nganggo grenda	Ngalusake wesi nganggo kikir	Ngratakake thuthukan	Ngencengake thuthukan	
1.	Ngubub	√	x	x	x	x	x	x	Pakaryane ngobong
2.	Malu Bodhem	x	√	x	x	x	x	x	Pakaryane nggembleng
3.	Malu Pangimbal	x	x	√	x	x	x	x	Pakaryane nggembleng
4.	Malu Kenter	x	x	x	x	x	√	x	Pakaryane ngentheri
5.	Malu Senter	x	x	x	x	x	x	√	Pakaryane nyenter
6.	Nggrenda	x	x	x	√	x	x	x	Pakaryane nggrenda
7.	Ngikir	x	x	x	x	√	x	x	Pakaryane ngikir

Sabanjure bakal dijlentrehake bedane tetembungan-tetembungan sajrone titisiyagane bab nggawe kanggo meruhi tipe maknane. Luwih cethane bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.13

Tetembungane Titisiyaga Bab Nggawe kang Asipat Enkapsulatif

No.	Tetembungan	Bedane Tetembungan					Tipe Makna
		Milih bahan	Nengeri ukuran	Nengeri wangun	Nyidhuk areng	Ngetokake angin	
1.	milih	√	x	x	x	x	pakaryane nggolek bahan
2.	nggarisi	x	√	x	x	x	pakaryane ngemal
3.	nggambar	x	x	√	x	x	pakaryane ngemal
4.	nyerok	x	x	x	√	x	pakaryane nyethik geni
5.	ngubub	x	x	x	x	√	pakaryane nyethik geni

Tabel 4.13 ing ndhuwur nuduhake yen tetembungan milihminangka enkapsulator iku kalebu enkapsulasine pakaryane nggolek bahan. Dadi, pakaryane nggolek bahan mung nduweni satetembungan kang asipat enkapsulatif. Dene tetembungan nggarisi lan nggambar kalebu enkapsulasine pakaryane ngemal, saengga

pakaryane ngemal nduweni rong tetembungan kang asipat enkapsulatif. Sabanjure, tetembungan nyerok lan ngubub kalebu enkapsulasine pakaryane nyethik geni, saengga pakaryane nyethik geni nduwe rong tetembungan kang asipat enkapsulatif. Antarane enkapsulator lan enkapsulasine iku nduweni pola kaslarasan. Luwih cethane bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.14

Enkapsulasine Tetembungan Titisiyaga Bab Nggawe

Tipe Makna Tetembungan	Pakaryane nggolek bahan	Pakaryane Ngemal	Pirantine Nyethik geni
milihi	√	x	x
nggarisi	x	√	x
nggambar	x	√	x
nyerok	x	x	√
ngubub	x	x	√

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni yen tetembungan kang asipat enkapsulatif sedhengan iku manggon ing salah sijine perangan tatacara sajrone titisiyagane bab nggawe. Tetembungan-tetembungan kasebut ana ing perangane dhewe-dhewe, amarga tetembungan kang asipat enkapsulatif kasebut dhasare saka sesambungan semantis paradigmatik kang asipat netep.

Enkapsulatif Endhek

Enkapsulatif endhek yaiku perangane enkapsulatif kang persentase drajat bebedan iku endhek, yaiku kurang saka 69,5% (<69,5%). Tetembungan kang persentasene kurang saka 69,5% iku nuduhake yen tetembungan kang ana ing perangane teges luwih akeh tinimbang kang ora ana. Tetembungan sajrone bab pandhe kang nduweni sesambungan enkapsulatif endhek yaiku, tetembungan sajrone titisiyaga lan titipurnane bab ndandani. Jlentrehane luwih jangkepe ana ing ngisor iki.

Tetembungane Titisiyaga Bab Ndandani

Tetembungane titisiyaga bab ndandani kang asipat netep iku ana limang tetembungan, yaiku nyerok, ngubub, nyupit, nyelup, lan malu. Tetembungan-tetembungan kasebut nduweni persentase drajat bebedan 50%, saengga tetembungan kasebut arupa enkapsulatif endhek, amarga persentasene kurang saka 69,5%, saliyané iku manggon ing perangane dhewe-dhewe, ora sumebar ing perangan liyané. Sabanjure bakal dijlentrehake bedane tetembungan-tetembungan sajrone titisiyagane bab ndandani kanggo meruhi tipe maknane. Luwih cethane bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.19

Tetembungane Titisiyaga Bab Ndandani kang Asipat Enkapsulatif

	Tetembungan	Bedane Tetembungan				Tipe Makna
		Ngetokake angin	Nyidhuk areng	Nuthuk wesi	Nyekeli wesi	
1.	nyerok	x	√	x	x	pakaryane nyethik geni
2.	Ngubub	√	x	x	x	pakaryane nyethik geni
3.	Nyupit	x	x	x	√	pakaryane niren
4.	Malu	x	x	√	x	pakaryane niren

Tabel 4.20 ing ndhuwur nuduhake yen tetembungan nyerok, ngubub, nyupit, lan malu iku

minangka tetembungan enkapsulator kang dibedakake adhedhasar perangan ngetokake angin, nyidhuk areng, nuthuk wesi, lan nyekeli wesi. Dene pakaryane nyethik geni lan pakaryane niren iku minangka enkapsulasine. Tandha (√) nuduhake menawa tetembungan slaras karo panganggone, dene tandha (-) nuduhake tetembungan kasebut ora slaras karo paganggone. Tetembungan kasebut nduweni pola kaslarasan antarane enkapsulatif (enkapsulator) lan tipe makna minangka enkapsulasine, bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.20

Enkapsulasine Tetembungan Titisiyaga Bab Ndandani

Tipe Makna Tetembungan	Pakaryane nyethik geni	Pakaryane niren
nyerok	√	x
ngubub	√	x
nyupit	x	√
malu	x	√

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni yen tetembungan kang asipat enkapsulatif endhek iku manggon ing salah sijine perangan tatacara sajrone titisiyaga bab ndandani. Tetembungan-tetembungan kasebut ana ing perangane dhewe-dhewe, amarga tetembungan kang asipat enkapsulatif endhek kasebut dhasare saka sesambungan semantis paradigmatik kang asipat netep.

Sesambungan Semantis Sintagmatik sajrone tetembungan Bab Pandhe kang Arupa Dhistributif

Jinise sesambungan semantis sintagmatik kang kaping pindho yaiku dhistributif.

sasambungan semantis kang arupa dhistributif iki mung nduweni rong perangan, yaiku (1) enkapsulasi dhuwur lan (2) enkapsulasi sedhengan. Andharane kang luwih jangkep ana ing ngisor iki.

Dhistributif Dhuwur

Dhistributif dhuwur yaiku perangane dhistributif kang persentase drajad pepadhane iku akeh, yaiku luwih utawa padha karo 59.5% (≥59.5%). Diarani dhistributif dhuwur amarga tetembungane nyebar ing luwih akeh perangan, dadi tetembungan kang ana ing perangan teges iku luwih akeh. Tetembungan sajrone bab pandhe kang nduweni sesambungan dhistributif dhuwur yaiku, tetembungan nyupit kang nduweni drajat pepadhan 100%. Tetembungan nyupit kasebar sajrone titilaksana lan titipurnane bab nggawe lan ndandani.

Sawise ngerteni jlentrehane kasebut, sabanjure bakal dijlentrehake tipe maknane tetembungan nyupit. Luwih cethane bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.23

Tetembungane Bab Pandhe kang Asipat Dhistributif

No.	Tetembungan	Bedane Tetembungan		Tipe Makna
		Nyekeli wesi	Nuthuk wesi	
1	Nyupit	√	x	pakaryane ngobong, pakaryane nggembelng, pakaryane ngentheri, pakaryane nyenter, pakaryane nggrenda, pakaryane ngikir, pakaryane nekuk, pakaryane mijer, pakaryane ngoserake, pakaryane nyepuh, lan pakaryane memris

Bisa diweruhi saka tabel 4.24 ing ndhuwur yen tetembungan nyupit sajrone bab pandhe kang asipat dhistributif dhuwur iku minangka dhistributor kang dibedakake adhedhasar titikane. Dene titikane nyupit yaiku kanggo nyekeli wesi, lan kang ana ing kolom tipe makna iku diarani dhistribusine. Antarane dhistributor lan dhistribusine iku nduweni pola keslarasan. Luwih cethane ngenani pola kaslarasan antarane dhistributor lan dhistribusine, bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.24

Dhistribusine Tetembungan Bab Pandhe

Tipe Makna Tetembungan	Pakaryane ngobong	Pakaryane nggembeleng	Pakaryane ngentheri	Pakaryane nyenter	Pakaryane nggrenda	Pakaryane ngikir	Pakaryane nekuk	Pakaryane mijer	Pakaryane diseraake	Pakaryane nyepuh	Pakaryane mernis
Nyupit	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓

Adhedhasar tabel ing ndhuwur nuduhake yen tetembungan nyupit sajrone bab pandhe iku asipat dhistributif dhuwur, jalaran tetembungan kasebut bisa digunakake luwih saka siji perangan, yaiku minangka pakaryane tatacara ngobong, nggembeleng, ngentheri, nyenter, nggrenda, ngikir, nekuk, mijer, ngoserake, nyepuh, lan mernis.

Dhistributif Sedhengan

Dhistributif sedhengan yaiku perangane dhistributif kang persentase drajad pepadhane iku nduweni persentase antarane 59.5% lan 1.9% (59.5%-1.9%). Bedane tetembungan kang asipat dhistributif sedhengan kanggo meruhi tipe maknane dijlentrehake ing ngisor iki.

Tabel 4.25

Tetembungane Bab Pandhe kang Asipat Dhistributif

No.	Tetembungan	Bedane Tetembungan					Tipe Makna
		Ngetokake angin	Ngoserake wesi	Nipisake wesi	Ngembang bodhèn	Ngalisake thuthukan	
1.	Ngubub	✓	x	x	x	x	pakaryane ngobong lan pakaryane mijer

Tabel 4.23 ing ndhuwur nuduhake yen tetembungan ngubub iku minangka tetembungan dhistributor kang dibedakake adhedhasar perangan ngetokake angin. Antarane dhistributor lan dhistribusine iku nduweni pola keslarasan. Luwih cethane bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.26

Dhistribusine Tetembungan Bab Pandhe

Tipe Makna Tetembungan	Pakaryane ngobong	Pakaryane mijer
Ngubub	✓	✓

Adhedhasar tabel ing ndhuwur nuduhake yen tetembungan ngubub, sajrone titilaksanane bab ndandani iku asipat dhistributif endhek, jalaran tetembungan kasebut bisa digunakake luwih saka siji perangan.

Asile Panliten

Adhedhasar andharan lan jlentrehan dhata ing subbab sadurunge, bisa diweruhi asile panliten iki. Sesambungan semantis paradigmatik ing panliten iki dipantha dadi papat, yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim. Saben panthane sesambungan semantis

paradigmatik kasebut diperang dadi telu, yaiku panggarape matrial, tataurut, lan tatacara. Dene sesambungan semantis sintagmatik dipantha dadi loro, yaiku enkapsulatif lan dhistributif. Enkapsulatif diperang maneh dadi telu adhedhasar kadhar persentase drajad bebedane saben tetembungan. Telung perangan kasebut yaiku, dhuwur, sedhengan, lan endhek. Dene dhistributif diperang maneh dadi loro adhedhasar kadhar persentase drajad pepadhane, yaiku dhuwur lan sedhengan.

Dhiskusi Asile Panliten

Adhedhasar asile panliten kang wis diandharake ing ndhuwur bisa didhiskusekake bedane panliten iki karo panliten-panliten sadurunge. Kaya kang wis diandharake ing bab II, panliten satopik ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik wis tau diteliti dening Safitri (2018). Sajrone panliten kasebut sesambungan paradigmatik dipantha dadi papat, yaiku hiponim, hipernim, kohiponim, lan kohipernim banjur digoleki tetembungan-tetembungan sajrone upacara pateg layon kang nduweni sesambungan paradigmatik kasebut.

Dene sajrone panliten iki, sesambungan semantis paradigmatik ora mung dipantha dadi papat, nanging saka pepanthan kasebut diperang maneh. Saben pepanthan iku diperang dadi telung jinis maneh adhedhasar tatarane. Dadi, hiponim diperang dadi telu, yaiku hiponim panggarape matrial, hiponim tataurut, lan hiponim tatacara. Kohiponim uga diperang dadi telu, yaiku kohiponim panggarape matrial, kohiponim tataurut, lan kohiponim tatacara. Hipernim uga diperang dadi telu, yaiku hipernim panggarape matrial, hipernim tataurut, lan hipernim tatacara. Dene kohipernim uga diperang dadi telu, yaiku kohipernim panggarape matrial, kohipernim tataurut, lan kohipernim tatacara.

Semana uga perangane sesambungan semantis sintagmatik sajrone panliten iki bisa nguatake panlitene Safitri. Sajrone panlitene Safitri sesambungan semantis sintagmatik dipantha dadi loro, yaiku enkapsulatif lan dhistributif. Yen ing panliten iki enkapsulatif diperang maneh dadi telu, yaiku enkapsulatif dhuwur, enkapsulatif sedhengan, lan enkapsulatif endhek. Dene dhistributif diperang dadi loro, yaiku dhistributif dhuwur lan dhistributif sedhengan.

Ora mung nguatake pamerange sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik ing panlitene Safitri (2018), nanging uga nguatake panlitene Hariyani (2018) kang perangane padha kaya nggene Safitri. Bedane panliten iki karo rong panliten kasebut ora mung ngenani pamerange sesambungan semantise, nanging ana pambada liyane, yaiku tetembungane. Tetembungan kang dinggo ing panlitene Safitri iku ngenani upacara adat pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung. Tetembungan kang dienggo ing panlitene Hariyani yaiku tetembungan sajrone bidhang relasi sosial. Dene tetembungan kang dienggo ing panliten iki yaiku tetembungan bab pandhe minangka tatacara panguripane wong Jawa ing Kecamatan Puri Kabupaten Mojokerto.

PANUTUP

Isine bab iki kaperang dadi loro, yaiku (1) dudutan lan (2) pamrayoga. Andharan luwih cethane ing ngisor iki.

Dudutan

Adhedhasar asil lan dhiskusi asile panliten ing bab IV bisa dingerteni yen tetembungan bab pandhe kang kalebu tatacara panguripane wong Jawa iki nduweni sesambungan semantis leksikal. Sesambungan semantis kasebut arupa sesambungan semantis paradhigmatik lan sintagmatik. Panliten iki nguatake konsep ngenani jinise sesambungan semantis paradhigmatik lan sintagmatik ing bidhang ilmu semantik leksikal.

Jinise sesambungan semantis paradhigmatik hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim ing panliten iki diperang maneh adhedhasar tatarane, yaiku panggarape matrial, tataurur, lan tatacara. Dene jinise sesambungan semantis sintagmatik kang arupa enkapsulatif lan dhistributif uga diperang maneh adhedhasar persentase drajat pepadhane lan bebedane, yaiku dhuwur, sedhengan, lan endhek.

Sesambungan semantis paradhigmatik lan sintagmatik kasebut dienggo buktekake anane tetembungan asli utawa ora asli sajrone bab pandhe. Diarani tetembungan asli yen tetembungane ana ing sawijine peranan lan ora bisa diganti ing peranan liyane. Dene diarani tetembungan ora asli yen tetembungane nyilih bidhang liya lan ana ing pira-pira peranan, saengga tetembungane bisa diganti ing peranan liyane.

Tetembungan asli diweruhi saka tetembungan kang asipat netep. Dene tetembungan ora asli diweruhi saka tetembungan kang asipat ora netep. Tetembungane bab pandhe kang asipat netep ana 27 tetembungan, ing antarane yaiku ana 15 sajrone bab nggawe lan ana 12 sajrone bab ndandani. Dene tetembungan kang asipat ora netep sajrone bab pandhe cacahé ana 5. Tetembungan sajrone bab nggawe mung ana 2 lan sajrone bab ndandani ana 3. Dadi, yen dipersentasekake ana 84.4% tetembungan kang asipat netep lan ana 15.6% tetembungan kang ora netep.

Pamrayoga

Panliten iki durung bisa nliti sesambungan semantis paradhigmatik lan sintagmatik ing tetembungane bab pandhe ngenani bageyan-bageyan asile pandhe. Kanggo panliten sabanjure diprayogakake bisa nliti bab kasebut lan bisa njangkepi peranan jinise sesambungan semantis paradhigmatik lan sintagmatik supaya luwih ngrembaka. Panliten iki durung sampurna, mula panliti ngarepake ana panyaru kang sipate mangun supaya panliten sabanjure luwih apik.

KAPUSTAKAN

Alwasilah, A. Chaedar. 1993. *Beberapa Madhab & Dikotomi: Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa.

Alwasilah, A. Chaedar. 1993. *Linguistik Suatu Pengantar*. Bandung: Angkasa.

Chaer, Abdul. 2007. *Leksikologi & Leksikografi Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.

_____. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.

_____. 2013. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.

Djajasudarma, Fatimah. 2012. *Semantik 1: Makna Leksikal dan Gramatikal*. Bandung: PT Refika Aditama.

Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi.

Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Lyons, John. 1977. *Semantic: Volume 1*. Cambridge London New York Rochelle Melbourne Sydney: Cambridge University Press.

Mahsun. 2007. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan, strategi, metode, dan tekniknya*. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.

Oka, I.G.N. lan Masnur Muslich. 2010. *Perencanaan Bahasa pada Era Globalisasi*. Jakarta: PT Bumi Aksara.

Oka, I.G.N. lan Suparno. 1994. *Linguistik Umum*. Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Dewan Pendidikan dan Kebudayaan.

Padmosoekotjo, S. 1956. *Sarine Basa Djawa*. Jakarta: Nordhoff-Kolff N.V.

Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis: Edisi Kedua*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: Rineka Cipta.

Robins, R.H.. 1992. *Linguistik Umum*. Yogyakarta: Kanikus.

Sudaryanto lan Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik Bagian Kedua Metode dan Teknik Pengumpulan Dhata*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Sudaryanto. 1993. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

_____. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press.

Tim. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia (Edisi Ketiga)*. Jakarta: Balai Pustaka

Verhaar, J.W.M. 2012. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Warsito, H. R. 2012. *Antropologi Budaya*. Yogyakarta: Penerbit Ombak.

Zainuddin. 1985. *Pengetahuan Kebahasaan: Pengantar Linguistik Umum*. Surabaya: Usaha Nasional.

SUMBER INTERNET

Syamsudin, dkk. 2011. *Metode Penelitian Pendidikan Bahasa*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya, (Online), (<https://pangeransastra.wordpress.com>, diakses 18 Januari 2019)

SKRIPSI

Desiani, Novi. 2016. *Sesambungan Paradhigmatik lan Sintagmatike Leksikon ing Dolanan*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: PBSF FBS Unesa.

Hariyani, Ariska. 2018. *Tetembungan sajrone Bidhang Sosial Subbidhang Relasi Sosial ing Masyarakat Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: PBSF FBS Unesa.

Mu'afidah, Nurul. 2016. *Sesambungan Paradhigmatik lan Sintagmatike Leksikon ing Basa Jawa kang Ateges Tumindak*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: PBSF FBS Unesa.

Safitri, Wida Riyantika. 2018. *Sesambungan Paradhigmatik lan Sintagmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: PBSF FBS Unesa.

Solikah, Siti Ma'rifatus. 2016. *Sesambungan Paradhigmatik lan Sintagmatik sajrone Meronimi Bab Bangsa Uri ping Tlatah Tulungagung*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: PBSF FBS Unesa.

Utami, Farida Tri. 2013. *Set lan Kolokasi sajrone Upacara Panggih Penganten*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: PBSF FBS Unesa.